



VAKSINASYON POU TOUT MOUN

Vaksen Pfizer Kont COVID-19

- + Dòz pou granmoun yo
- + Dòz pou timoun ki gen 6 mwa ak plis
- + Lòt dòz anplis seri prensipal yo pou moun ki iminodeprime yo
- + Vaksen rapèl yo gen ladan yo rapèl bivalan ki ajou a

Disponib isit la pou tout moun ki elijib

Avèk COVID-19 li toujou enpòtan jounen jodi a pou w pwoteje tèt ou ak pwòch ou pou yo pa tonbe malad.

Vaksen kont COVID-19 la san danje epi li bon anpil nan redui risk pou ou malad, entène epi menm mourir.

Ou kapab resevwa yon vaksen kont COVID-19 san w pa peye yon goud.



Aprann plis sou ki vaksen ki bon pou ou.
Eskàne kòd QR la oswa rele nan **1-844-NYC-4NYC**
(1-844-692-4692).

Kiyès ki dwe pran vaksen kont COVID-19?

- + Timoun ki gen 6 mwa pou rive 4 lane yo ka pran twa dòz pou timoun (yon dizyèm nan fòs vaksen an) Pfizer-BioNTech lan
- + Timoun ki gen 5 pou rive 11 lane yo ka pran de dòz pou timoun (yon tyè nan fòs vaksen an) Pfizer-BioNTech lan
- + Timoun ki gen 12 lane ak plis ak granmoun ka pran de dòz vaksen Pfizer-BioNTech lan
- + Adilt ki gen 18 lane ak plis ka pran de dòz Moderna yo oswa yon dòz Johnson & Johnson/Janssen

Lòt dòz anplis nan seri prensipal vaksen Pfizer a

Yo prefere lòt dòz anplis nan seri prensipal vaksen ARNm yo pou moun ki gen sistèm iminitè ki fèb akoz yon tretman oswa yon maladi.

Yo pa rekòmande lòt dòz anplis nan seri prensipal la pou majorite moun ki gen lòt pwoblèm sante tankou dyabèt, maladi kè oswa maladi nan poumon.

Kiyès ki dwe pran vaksen rapèl kont COVID-19?

Timoun ki gen ant 5 a 11 lane ki te déjà resevwa seri prensipal Pfizer a sa gen plis pase senk mwa elijib pou pran vaksen rapèl monovalan Pfizer a sèlman.

Pou moun ki gen 12 lane oswa plis, sèl vaksen rapèl ki otorize se vaksen rapèl bivalan ki ajou a. Moun ki gen 12 lane oswa plis pa ka pran vaksen rapèl monovalan oriijinal la ankò.

Moun ki gen 12 lane oswa plis dwe resevwa yon dòz vaksen rapèl bivalan ki ajou de mwa konplè aprè seri vaksen prensipal kont COVID-19 yo oswa aprè dènye rapèl la.

Moun ki vaksinen yo ka pran menm vaksen yo te resevwa antanke seri vaksen prensipal yo oswa vaksen rapèl avan an oswa yo ka pase nan youn nan de lòt kalite vaksen yo.

Moun ki iminodeprime ki te resevwa vaksen J&J antanke premye dòz epi yon vaksen mRNA pou piti 28 jou apre antanke yon dòz anplis sipoze pran yon vaksen mRNA antanke dòz rapèl pou piti de mwa apre dòz anplis vaksen mRNA a, sa ap bay an total twa dòz.